

# FICH ÈNFÒMASYON BIYOBANK COVID-19 LAN



## Kisa biyobank **COVID-19 lan ye?**

Li ranmase epi estoke likid ki sot nan kò moun ak echantyon tisi pou pèmèt syantifik yo mennen rechèch ki pote inovasyon.

***Si ou te teste pozitif pou COVID-19, ou gendwa kalifye pou patisipe.***

## Kisa biyobank lan ap eseye **fè?**

Chèchè yo ap eseye reponn kesyon enpòtan apwopo COVID-19 lan.



- **Poukisa kèk moun tonbe malad grav konsa?**
- **Èske l posib pou pran COVID-19 lan plis pase yon fwa?**
- **Èske gen yon tretman?**



## Kijan mwen ka patisipe?

Ou ka kontakte ekip etid lan pou aprann plis sou jan pou patisipe. Ou ka patisipe apati moman ou tonbe malad ak COVID-19 lan, pou jiska de lane.

**Imèl:** covid19cohort@bmc.org

**Telefòn:** 617-414-8282

# FICH ÈNFÒMASYON BIYOBANK COVID-19 LAN



.....  
Kijan vi prive ak  
**konfidansyalite** m ap  
pwoteje?

Ekip biyobank lan angaje l pou pwoteje  
vi prive ak konfidansyalite ou. Nou pran  
plizyè inisyativ pou pwoteje vi prive ou, sa  
gen ladan l mete etikèt sou echantyon  
ak enfòmasyon ou yo ak yon kòd olye se  
non ou. Yon komite ekspè devwe  
responsab fason echantyon ou yo itilize.

.....  
Kiyès ki ap kapab itilize  
**echantyon** ak  
enfòmasyon mwen yo?

Se sèl syantifik ki sibi egzaminasyon 1)  
komite manm kominate BU ak BMC nou  
yo ak 2) yon Komite Revizyon  
Enstitisyonèl (IRB), yon gwoup  
endependan ki angaje l pou pwoteje sijè  
rechèch yo, ka itilize echantyon ou yo.



.....  
Konbyen tan  
**echantyon** mwen  
yo ap estoke??

Echantyon ou yo ap estoke nan  
biyobank lan jouk yo fin sèvi ak yo.

**Imèl:** covid19cohort@bmc.org  
**Telefòn:** 617-414-8282